# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–11 जुलाई 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु कुशीनगर के रामकोला विकास खण्ड के टेकुआटार में पांन सौ पचीस करोड़ रूपिया क लागति वाला चारि सौ चौंसठ विकास परियोजनन क लोकार्पण अउर सिलान्यास कइलें। येह मौका पर कई गो सरकारी योजना के लाभार्थियन के चेक अउर प्रमाण पत्र बंटले के बाद मुख्यमंत्री कहलें कि डबल इंजन के सरकार के अइले के बाद कुशीनगर जिला क तस्बीरि बदलि गइल हौ। प्रदेस सरकार क उपलब्धी गिनावत मुख्यमंत्री कहलें कि पछिला नौ बरिस में प्रदेस में न त कउनों उपद्रव भइल अउर न दंगा।

***ये डबल इंजन की सरकार गुंडागर्दी बर्दाश्त नहीं करती है। आपने देखा होगा पर्व के पहले होने वाले उत्सव में अगर कोई रंग में भंग करने का काम करता है और उपद्रव पैदा करने का कार्य करता है तो उपद्रवियों से कायदे से निपटती है, बहुत कायदे से। आपने 9 वर्ष में आपने देखा होगा कोई उपद्रव नहीं, छव ब्नतमिू छव दंगा, यूपी में अब सब चंगा। अब यूपी में सब अच्छा है, कोई दंगा नहीं। पूरा पश्चिम, उत्तर, दक्षिण आप जन्माष्टमी का डोल निकालिए, आप दुर्गा पूजा का शोभा यात्रा निकालिए, आप रामनवमी की शोभा यात्रा निकालिए, कोई समस्या नहीं, किसी प्रकार की समस्या नहीं।***

मुख्यमंत्री अजुये गोरखपुर के पिपराइच विधानसभा क्षेत्र के भटहट–बांसस्थान में फोरलेन सड़कि के सथहीं पांच गो सड़कि क लोकारपण अउर सड़कि निरमाण आ पर्यटन विकास से जुड़ल ओन्नइस गो विकास कार क सिलान्यासो कइलें। एहसे पहिले आजु भिन्नहीं मुख्यमंत्री गोरखनाथ मंदिर के दिग्विजयनाथ सभागार में जनता दरसन कइ के करीब दुइ सौ पचास लोगिन के समेस्या के सुनलें अउर समाधान क भरोसा दिहलें।

**********

पर्यावरण संरक्षण बदे प्रदेस सरकार बिहने पौधरोपण महायज्ञ–दुइ हजार छब्बीस क आयोजन करी। एकर सुरूआति मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गोरखपुर में लिंक एक्सप्रेस–वे के लग्गे पौधा लगा के करिहें। उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य झांसी में अउर ब्रजेश पाठक लखनऊ में पौधा लगइहें। एक पेड़ मां के नाम अभियान में राज्य सरकार पैंतीस करोड़ पौधा लगवले क लक्ष्य रखले हवे।

**********

संचारी रोग नियंत्रण अभियान में प्रदेस भर में आजु से दस्तक अभियान क सुरूआति भइल। ई अभियान एकतीस जुलाई ले चली। एहमें स्वास्थ्य विभाग क टीमि घरे–घरे जा के लोगिन के मौसमी बेमारियन के सथहीं अउरियो बेमारियन क लक्षण अउर बचाव के बारे में जागरूक करिहें। जौनपुर में आजु अभियान में लोगिन के संचारी रोग नियंत्रण बदे जागरूक कई के दवाई क छिड़काव कइल गइल।

**********

सर्वोच्च न्यायालय अजोध्या के श्रीराम मंदिर में कथित दान चोरी क निस्पक्ष जांचि क मांग वाला कई गो याचिका पर सोम्मार के सुनवाई करी। येह याचिकन क सुनवाई भारत क मुख्य न्यायाधीश सूर्यकांत, न्यायमूर्ति जॉयमाल्या बागची अउर न्यायमूर्ति वी. मोहन क पीठि के समने प्रस्तावित हवे। येह याचिकन में घटना क सीबीआई जांचि आ श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट के वित्तीय लेनदेन क ऑडिट कैगसे करावे क अनुरोध कइल गइल हौ।

**********

उत्तर प्रदेश शिक्षक पात्रता परीक्षा–दुइ हजार छब्बीस क प्रोविजनल उत्तरकुंजी के ले के आपत्ति दरज कइले क तारीख उत्तर प्रदेश शिक्षा सेवा चयन आयोग तय कइले हवें। अभ्यर्थी चउदह जुलाई ले ऑनलाइन आपत्ति दरज कइ सके लें।

**********

सावन महिन्ना में होखे वाला कांवड़ जतरा क तइयारी जिला प्रसासन अबहिने से सुरू कइ दिहले हवे। बनारस में सुरक्षित आ व्यवस्थित कांवड़ जतरा पूरा करावे बदे पुलिस आयुक्त मोहित अग्रवाल अउर जिलाधिकारी सत्येन्द्र कुमार आजु सम्बन्धित विभागीय अधिकारियन के साथे तय राहिनि क निरीक्षण कइलें। येह दौरान उहां के सरधालुअन क सुविधा अउर सुरक्षा से जुड़ल बिन्दुअन क समीक्षा कइलीं। दुन्नो अधिकारी निरदेसित कइलें कि जतरा के दौरान कउनों सरधालु के कउनों असुविधा न हो ई सुनिस्चित कइल जाव।

**********

प्रदेस के कई गो जिला में पछिला दुइ दिन से रूकि–रूकि के बरखा क सिलसिला जारी बा। बरखा के नाते तापमान में गिरावट दरज कइल गइल हौ अउर लोगिन के उमस भरल गरमी से राहति मिलल हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से पूरबी उत्तर प्रदेस के जियादेतर जिलन में अगिला तीनि–चारि दिन ले गरज–चमकि के साथे रूकि–रूकि के बरखा होई।

ओहर, प्रदेस के कई गो जिला में भारी बरखा से हो रहल जनहानि अउर पसुहानि के घटना क संज्ञान लेत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अधिकारियन से नोकसान क आकलन कइ के चउबीस घंटा में मवाजा देवे क निरदेस दिहले हवें। मानसूनी बरखा के नाते प्रदेस के कई जिलन में नदियन क जलस्तर बढ़े लागल हौ। लखीमपुर खीरी के पलियाकलां में शारदा नदी खतरा के चीन्हा के लग्गे पहुंचि गइल हौ। ओहीं कुशीनगर में गंडक नदी क जलस्तरो तेजी से बढ़ल हौ। एके देखत जिला प्रसासन सतर्क हौ आ सुरक्षा क सज्जो उपाई कइ लिहल गइल हौ।

**********